Boston Medical Center
HEALTH SYSTEM

Boston Medical Center Health System

Règleman Asistans Finansye BMCHS: **Rezime an Langaj Senp**

Boston Medical Center Health System bay tout pasyan swen ki nesesè sou plan medikal, kèlkeswa ras, koulè, relijyon, sèks, orijin nasyonal, laj, andikap, idantite oswa ekspresyon sèks, oswa kapasite pou peye. BMCHS ofri asistans finansye pou pasyan ki gen revni ki fèb, ki pa gen asirans oswa ki pa gen ase asirans, ki nan nesesite ak enkapasite pou yo peye pou swen. BMCHS pral travay ak pasyan yo pou detèmine si yo kalifye pou asistans finansye epi ede yo aplike pou kouvèti nan pwogram Medicaid oswa lòt pwogram Eta a, plan sante ki kalifye nan nivo federal, oswa Charity Care Program lopital la. Pasyan ki kalifye pou Charity Care Program nan p ap peye plis pase kantite lajan yo faktire anjeneral pou sèvis ijans oswa lòt swen medikal ki nesesè.

Kiyès ki kalifye?
Pasyan ki gen revni ki fèb, ki pa gen asirans ak sa ki gen yon asirans ki pi fèb ki bezwen swen medikal ki nesesè epi ki pa kapab peye pou sèvis yo ka aplike pou pwogram asistans finansye. Elijiblite pwogram nan baze sou direktiv ki gen ladan l revni yon moun nan kay la, gwosè fanmi an, bezwen medikal ak Eta l ap viv la. Fason yon pasyan kalifye pou asistans finansye ap detèmine ki kalite pwogram li kalifye pou li. Gen kèk pasyan ki pral kalifye pou pwogram ki pa egzije yo peye pou sèvis yo, alòske lòt pwogram ka egzije yon pasyan ki kalifye pou fè yon peman pasyèl. Rezidan Massachusetts yo ka aplike tou pou asistans dapre Medical Hardship, yon pwogram ki disponib atravè Health Safety Net Eta a. Kèlkeswa kantite moun nan kay la ak revni yo, yon moun ka kalifye pou Medical Hardship si depans medikal akseptab li yo pi gran pase yon pousantaj etabli nan revni kay la. Pasyan yo deklare ki pa elijib pou pwoteksyon dapre pwogram asistans finansye Eta s oswa federal yo pral evalye pou kalifikasyon anba Charity Care Program lopital la.

Kijan pou Aplike:
Enfòmasyon sou Règleman Asistans Finansye BMCHS la, Charity Care Program ak aplikasyon an disponib jan sa a:

- Kontakte Konsèy Finansye pou Pasyan nan (617) 414-5155 oswa vizite yon biwo, lendi jiska vandredi, ant 8 AM ak 5 PM, nan:
  - BMC: Bilding Yawkey, 850 Harrison Avenue, 1ye etaj, Sal 1N62, Boston, MA. 02118
  - BMC - Brighton: 736 Cambridge St., Brighton, MA 02135
  - BMC South – 235 N Pearl St., Brockton, MA 02301

- Vizite sitwèb Lopital la nan https://www.bmchealthsystem.org/patient-financial-assistance

- Fè yon demann alekri pou enfòmasyon sou pwogram nan ak enstriksyon pou aplikasyon yo pa lapòs nan:

  Boston Medical Center
  Attention: Patient Financial Counseling Office
  850 Harrison Ave
  Boston, MA 02118

Enfòmasyon yo disponib pou tout pasyan an anglè, panyòl, kreyòl ayisyen, ris, pòtigè, vyetnamyen, kreyòl kapvèdyen, arab, albanyen ak chinwa. Gen asistans ki disponib pou ede ranpli aplikasyon an nan lòt lang atravè sèvis entèpretasyon MassHealth yo nan 1-800-841-2900, oswa lè w rele Konsèy Finansye pou Pasyan nan 617-414-5155 oswa lè w ale nan youn nan biwo yo.